

# **Rezo Lidèship Avoka Ayisyen**

## **(Haitian Lawyers Leadership Network)**

**Referandòm pou wetire iminite ki anpeche pouswit jidisyè Michel J. Martelly pandan li Prezidan, e egzije demisyon li pou koripsyon, vòl elektowal, e trayizon.**

Nan anpil peyi **Antonio Sola Peche** pase, yo di li komèt fwod. Nan Meksik, an 2006, moun yo sispèk Ostos & Sola te vòlò eleksyon pou Felipe Calderon. Se poutèt sa nan Meksik tinon li se “*Wa eleksyon sal*”- “King of dirty campaigns.” Nan Gwatemala, Ostos & Sola tap travay pou Prezidan Otto Perez Molina. Palman Gwatemala wetire iminite Molina, epi yo arete li pou fwod. Ann Ayiti, plis mandatè ak obsèvatè te vote nan eleksyon 9 Dawou e 25 Oktòb 2015 ke pèp la. Sistèm magouy mete kandida pou prezidan Ostos “*Sal*” Sola nan premye plas. Rejim Mateli ak Ostos & Sola fè konplo saa e yo se prensipal otè vòl elektoral 2015 lan kote nou konstate fo bilten ak pwosè vèbal, epi boure bwat vòt pou Jovenel Moise.

Martelly, byen avan li te vin Prezidan, te swete kraze Palman Ayisyen. Pandan kat ane, Martelly pa òganize okenn eleksyon jouk li kraze Palman nèt. Depi li rantre l ap lage dekrè a dwat a goch. Zak briganday Martelly komèt la, eliminate Souverènèt peyi a pèp la te swadizan mete nan men Palmantè yo. Kòm tout moun kapab konstate Palman an pap fonksyone. Kidonk, vid enstitisyonèl saa se sèl pèp la ki kapab konble li. Se poutètsa, Haitian Lawyers Leadership Network di piske pa gen Palman se pèp la ki pou aji. Wi, piske Palman pap fonksyone se pèp la ki pou pase ann aksyon. Se etranje e lòt nasyon ki bay ekip bandi legal Martelly fòs militè e lajan pou fè tout magouy sa yo sou tèt pèp souvren nan Ayiti. Se pa legal, moral ou onèt.

Menm jan Gwatemala leve iminite Molina, pèp souvren gen tout dwa pou wetire iminite Martelly, akoz fwod, koripsyon, abi, repwezay kont opozisyon kap konteste magouy elektowal. Tout desizyon Martelly pwan koze konfli ant diferan kouch

sosyal nan peyi a. N ap site, kòm egzanp, kèk desizyon Martelly pwan ki koze lanmò Ayisyen.

- 1) Degèpi peyizan nan Pak Lavizit;
- 2) Degèpi popilasyon k ap viv llavach;
- 3) Kreye Komin Akaden;
- 4) Eseye mete Jovenel Moise Prezidan Ayiti;
- 5) Enpoze taks sou transpò piblik, vant betay, paspò, elatriye.

Si pèp la pa retabli souverènte Ayiti ke Martelly elimine, se sa Diktatè a di kap fèt san okenn lòt sektè pa kapab di si yo dakò ou yo pa dakò. Si pèp la aksepte yon sitiyasyon konsa, sa vle di, pèp la aksepte retou Diktati menm jan sa te ye sou Duvalier. Li pa sifi pou di NON. Viktwa se pou pèp ki ÒGANIZE, DETÈMINE, E KI KOUTE VWA LA LIBÈTE k'ap chante lan kè yo. Kidonk, se pou pèp la ÒGANIZE YON REFERANDÒM - yon deklarasyon piblik- pou wetire Iminite ki anpeche pwosekisyon Martelly pandan li Prezidan, epi Lajistis dwe jije Martelly pou koripsyon, fwod. vòt elektowal, krim kont Ayisyen, e trayizon.

## AJOUTE SIYATI W

---

---

---

---

---

---

---